

Pliske genyen plizye fason pou'w bati yon abri ak repare yon kay ki kraze avek prela, dokiman enstriksyon sa ki nan men'w lan ka gide'w nan fason pou'w fe reparasyon san'w pa domaje ouswa blese prop tet ou. Nan dokiman sa, ou'p jwenn kek teknik pou'w repera kay la epi bati abri ya.

Le ou ap bati ak prela, pi gwo problem lan se van ak lapli.

1. Pa mete kwen ak prent prela a nan direktyon van kap vante.
2. Pa mete prela a tou plat, paske le dlo lapli tonbe sou li, sa ka lakoz li tonbe.
3. Pa konte selman sou titou ki nan prela a paske le grow van ap vante sa ka lakoz prela a chire.

Eseye swiv enstriksyon sa yo pou'w ka byen bati avek prela:

1. Mare pwent prela a avek gwo woch ki genyen anpil fos. Mare kwen prela yo nan diferan pozityon pou van pa pote'l ale.
2. Mare kwen prela yo nan diferan pozityon pou van pa pote'l ale.
3. Pwent yo ki mare ate ya ouswa pa an ba yo, mete yo nan direktyon kote van an ap vante a. Lap anko mye si'w bati yon miray vètikal nan direksyon van an.
4. Pa kite okin kwen ou prent prela a san mare, si non van ka ale ave'l ouswa li ka pran dlo ki ka fe'l tonbe. Men, pa mare'l telman di pou'w lakoz li chire.




Yon prela toujou pi byen sekire le'w mare'l nan yon sifas ki plat. Epi, prela la a ka byen sekire le'w mete'l epi woule'l nan mitan de bwa 2X4.

Ou ka bati yon abri tou senp nan mitan 2 pye bwa. Ou ka fe sa san'w pa itilize anpil kod. Batiman sa yo bon pou bare soley ak lapli.



Fe yon laso avek yon kod, epi mare'l nan pwent prela a, epi lot pwent kod la, mare'l nan yon woch ki genyen anpil fos. Sa se pi meye fason ou ka mare yon prela avek kod.



Boule pwent kod la pou'l pa demare.




Ou ka mare epi woule prela a nan mitan 2 pyes bwa 2x4 ouswa branch bwa pou'l ka byen sekirize. Le'w fel konsa, kloure'l avek klou pou'l ka rete.

Eseye mare prela a avek kalite ne sa yo.



1. Fe yon ne nan kod la. Mete ne ya 0.5 met de pozityon kote'w mete obje pou'w mare prela a.



2. Pase pwent kod la odetou obje ya (kit li se yon pye bwa, yon branch bwa, yon blok ouswa yon fe ou plante ate ya). Epi rale pwent kod la vini jwenn avek kote ki gen ne ya, kounya pase pwent kod la nan ne ya.



3. Le'w fini pase'l nan ne ya, rale pwent kod la nan direktyon obje ki pral sikire prela a. Rale kod la avek ase fos pou'w santi'l byen detire men pa avek ase fos pou'l chire prela a. Kounya mare pwent kod la pou'l ka rete an pozityon.



4. Nenpot ne ou mete nan yon kod epi ou pase'l nan titou prela a ka sekirize'l. Men, titou prela yo toujou fasil pou yo chire, pou rezon sa, pa rale kod la ak twop fos.

AMPLIFY THE GOOD.

GREATER
GOOD
CHARITIES

DISASTER
RELIEF